

Kèk Ekzanpsyón pou Kondisyon Elijbilité Ki Gen nan Chapit 443, Lwa Florida, ak Chapit 73B-11, Kòd Administratif Florida

Tout demandè k'ap aplike pou benefis Asistans Reyanbochaj gen obligasyon d'apre s. 443.151(2)(a), F.S., pou konplete yon aplikasyon sou entènèt amwenke, jan sa di nan Chapit 73B-11.013(1)(c), F.A.C., moun nan:

- Pa kapab li oubyen ekri efikasman nan yon lang ki disponib pou aplikasyon entènèt (Anglè, Panyòl oubyen Kreyòl).
- Gen defisyans fizik ou vizyèl ki rann moun nan enkapab pou li itilize yon òdinatè. Ki legalman entèdi pou itilize yon òdinatè.

D'apre s. 443.091(1)(b), F.S., tout demandè k'ap depoze yon nouvo aplikasyon gen obligasyon pou pou anrejistre atravè Employ Florida Marketplace avan yo reklame benefis amwenke, jan sa di nan s. 443.091(1)(b)1-5, F.S., moun nan:

- Pa kapab konplete enskripsyon an sou entènèt poutèt analfabetizasyon, oubyen akoz baryè lang (Nan objektif egzansyon sila, analfabetizasyon enkli yon enkapasite pou li, konprann, ak ekri Anglè oubyen Panyòl, oubyen itilize yon òdinatè ak efikasisite).
- Pap viv nan Florida.
- Sou yon ranvwa (layoff) tanporè ki pa depase 8 semèn apati dat dènye fwa li te travay pou yon anplwayè. Yon manm sendika ki dabitud jwenn travay atravè yon biwo anbochaj sendika.
- Ap patisipe nan plan apowuve konpansasyon a kou tèm (short-time compensation (STC)).
- Gen defisyans fizik ou vizyèl ki rann moun lan enkapab pou li itilize yon òdinatè. Ki legalman entèdi pou itilize yon òdinatè.

Moun ki kwè yo elijib pou egzansyon sou egzijans pou ka anrejistre pou travay tanpri rele 1-800-681-8102 avan ou sètifye semèn pou reklame benefis.

Apati 1ye Jiyè 2014, tès evalyasyon konpetans inisyal la pral disponib sou yon baz volontè pou moun, pou kapab ede sant lokal CareerSource pou founi plis sèvis pou retounen travay. Evalyasyon an pral ede yo idantifye konpetans, kapasite ak aptitud pwofesyonèl. Rezulta tès la pral disponib pou ou menm ak sant CareerSource ou. Sant CareerSource zòn ou an, ka founi w sèvis pou oryentasyon pwofesyonèl, epi matche konpetans ou avèk enfòmasyon ki disponib sou mache travay la ak opòtinite pou pran fòmasyon pou mete konpetans ou ajou. Department of Economic Opportunity fòtman rekòmande epi ankouraje w pou konplete tès evalyasyon konpetans inisyal jodia menm!